

# Swen Sante, konplè & Enklizif

*Se yon fyète pou sèvi rejyon Mid-Shore*



**CHOPTANK**  
community health  
*See how healthy you can be!*

[WWW.CHOPTANKHEALTH.ORG](http://WWW.CHOPTANKHEALTH.ORG)

# Choptank Health ofri swen sante enklizif pou tout moun.

Nou se youn nan founisè swen sante ki pi gwo epi ki pi byen klase nan rejyon an. Nou aksepte asirans prive, Medicare, ak Medicaid. Yon asistans finansye disponib pou moun ki kalifye yo.

## POUSANTAJ SATISFAKSYON

Plis pase 97% nan pasyan Choptank yo di yo fè founisè swen yo konfyans pou ede yo rezoud tout pwoblèm sante yo genyen yo pandan twa (3) dènye ane yo.



# 93%

CHOPTANK BAY ZANMI  
YO AK FANMI YO.

## Sant Sante ki Kalifye nan Nivo Federal

Choptank Health se yon Sant Sante ki Kalifye nan Nivo Federal (Federally Qualified Health Center, FQHC). FQHC yo fonksyone nan zòn ki gen aksè redwi ak swen medikal, yo pote sèvis swen sante ki endispansab nan kominote a. Antanke FQHC, nou pwopoze yon apwòch global anrapò ak swen pasyan yo. Nou trete pasyan an yon fason global gras ak sèvis enklizif nou yo ki gen ladan swen debaz ak swen prevantif yo, dantis, sèvis sante mantal, ak plis ankò. Nou sèvi pasyan ki nan Konte Caroline, Dorchester, Kent, Queen Anne's, ak Talbot.

# SÈVIS NOU YO



## Swen Prensipal

Founisè nou yo travay an kolaborasyon ak pasyan yo pou fè prevansyon, pou dyagnostike epi pou trete maladi lakay moun ki gen tout laj. Sèvis yo gen ladan kontwòl regilye yo, vaksinasyon, vizite moun ki malad yo, ak sipò nan jere maladi kwonik yo.



## Pedyatri

Pedyat nou yo bay sèvis swen prensipal pou tibebe, pou timoun, ak adolesan ki gen jiska 21 ane.



## Swen Dantè

Sèvis dantè yo gen ladan kontwòl regilye, netwayaj, radyografi, plonbaj dantè, ak tretman fliyò; fo dan; ak sèvis operasyon nan bouch, ki gen ladan rache dan ak tretman kanal yo.



## Sante Konpòtmantal

Sèvis Sante Konpòtmantal yo disponib pou pasyan medikal oswa dantè akyèl yo. Gen yon pakèt sèvis ki disponib pou soutni sante mantal ak byennèt pasyan yo ki gen ladan terapi ak jesyon medikaman yo.



## Sante Fanm

Sèvis Sante Fanm yo gen ladan egzamen pou byennèt, tès depistaj jinekolojik, ak konsèy sou metòd planin.



## Swen Prenatal

Swen prenatal yo bay moun ki gen gwoès ki pa gen gwo risk, ki gen ladan kontwòl regilye ak tès prenatal yo.



## Tretman Asiste ak Medikaman (MAT)

Sèvis sa yo favorize retablisman lè yo bay pasyan an swen konplè, tankou itilizasyon medikaman ansanm ak konsèy ak terapi sante konpòtmantal yo.

## Sante nan Kad Eskolè

Choptank Health te fè patenarya ak distri eskolè piblik yo pou ofri sèvis medikal, dantè, ak/oswa sante konpòtmantal bay elèv ki anndan lekòl yo. Sèvis sante nan kad eskolè yo disponib nan Konte Caroline, Dorchester, Kent, Queen Anne's ak Talbot.

**Tanpri vizite [choptankhealth.org](http://choptankhealth.org) pou jwenn plis enfòmasyon.**



*Choptank se yon bon kote ki gen moun ki eksepsyonèl ki vrèman respekte pasyan yo.*

- Pasyan Medikal nan Choptank Health



*Chak aspè nan relasyon mwen ak pèsònèl dantè a se toujou yon 10. Depi nan salitasyon yo lè mwen fèk rive, pase nan enfòmasyon mwen genyen anrapò ak operasyon m ap fè nan kolòn vètebral mwen an ki mande yon zòrye, rive jis nan moman m ap kite lopital la.*

- Pasyan Dantè nan Choptank Health

# LOKAL NOU YO

Nouvo pasyan Byenvini! Choptank Health ap aksepte nouvo pasyan nan tout etablisman yo. Tanpri rele pou pran yon randevou. Tanpri sonje: Pasyan ki nan Sante Konpòtmantal yo dwe se pasyan medikal oswa dantè aktyèl.



## Cambridge



503 A Muir St.  
Cambridge, MD 21613  
TELEFÒN: 410-228-4045  
FAKS: 833-908-2286



## Chestertown



126 Philosophers Ter., Suite 101  
Chestertown, MD 21620  
TELEFÒN: 443-215-5353  
FAKS: 833-615-2165



## Denton



808 South Fifth Ave.  
Denton, MD 21629  
TELEFÒN: 410-479-2650  
FAKS: 833-916-1012



## Easton



522 Cynwood Dr., Suite 100  
Easton, MD 21601  
TELEFÒN: 410-770-8910  
FAKS: 833-908-2284



## Federalsburg



215 Bloomingdale Ave.  
Federalsburg, MD 21632  
Telefòn: 410-754-9021  
Faks: 833-916-1013



## Goldsboro



316 Railroad Ave.  
Goldsboro, MD 21636  
TELEFÒN: 410-634-2380  
FAKS: 833-916-1014



## St. Michaels



833 South Talbot St., Unit 4  
St. Michaels, MD 21663  
TELEFÒN: 410-745-0200  
FAKS: 833-916-1010

\*pa gen tibebe ki fèk fèt

## Tout lokal yo ofri sèvis laboratwa sou plas.\*

-  Swen Prensipal
-  Pedyatri
-  Dantè
-  Sante Konpòtmantal
-  Sante Fanm
-  Tretman Asiste ak Medikaman
-  Swen Prenatal

[WWW.CHOPTANKHEALTH.ORG](http://WWW.CHOPTANKHEALTH.ORG)

Tanpri vizite sit entènèt nou an pou konnen orè ak direksyon yo.

\*Sèvis laboratwa yo pa disponib kounye a nan Chestertown — vini yon lòt fwal